# Medicina xızmetkerlerine Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesiniń QUTLÍQLAWÍ

Húrmetli shıpakerler hám medicina tarawı xızmetkerleri!

Bársheńizdi hár jılı elimizde keńnen belgilenip kiyatırǵan kásiplik bayramıńız – «Medicina xızmetkerleri kúni» menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesi atınan qızǵın qutlıqlaymız.

Xalıqtıń salamatlıǵın, analıqtı hám balalıqtı qorǵaw, medicinalıq xızmettiń sapasın arttırıw, qástelerge shıpa baǵıshlaw jolındaǵı Sizlerdiń oǵada mashaqatlı hám iygilikli islerińizdi joqarı bahalaymız.

Ózlerińiz jaqsı bilesizler, Húrmetli Prezidentimiz tárepinen tarawǵa baylanıslı bir qatar áhmiyetli Párman hám Qararlardıń qabıl etiliwi búgingi turmısımızda túpkilikli ózgerisler menen jańalanıwlarǵa bekkem tiykar bolmaqta.

Házirgi waqıtta densawlıqtı saqlaw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw, medicinalıq xızmettiń nátiyjeliligin arttırıw, tarawda mámleketlik emes sektordı rawajlandırıw, xalıqqa sapalı dári-dármaqlar jetkerip beriw baǵdarındaǵı jumıslar sapa jaǵınan joqarı basqıshlarǵa kóterilip barmaqta.

Bunda álbette, elimizde dúnya medicinası ámeliyatındaǵı sońǵı jetiskenlikler hám aldıńǵı texnologiyalardıń engiziliwi, maman kadrlar tayarlaw hám qayta tayarlaw sistemasınıń jáne de jetilistiriliwi, zamanagóy medicina mákemeleriniń qurılıwı, olardıń materiallıq-texnikalıq bazasınıń bekkemlenip barılıwı turmısımızda ayrıqsha orın tutpaqta.

Bársheńizge málim, kúni keshe bolıp ótken selektor májilisinde Húrmetli Prezidentimiz “Xalıq medicina tarawına qanshelli isense, mámleketke de sonshelli isenedi. Xalıq kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmetlerden razı bolsa — mámleketten, búgingi júrgizilip atırǵan siyasattan da razı boladı”,-degen tereń mazmunli pikirge ayrıqsha toqtap ótti.

Sonday-aq, Húrmetli Prezidentimiz tárepinen qánigelestirilgen medicinalıq oraylardıń

jumısların rawajlandırıw, farmacevtika sanaatın qollap-quwatlaw, tarawdıń kadrlar potenicialın kúsheytiw, medicinalıq mákemelerdiń materiallıq-texnikalıq bazasın jáne de bekkemlew hám medicinalıq xızmet kórsetiwdiń sapasın jaqsılaw menen baylanıslı bir qatar áhmiyetli wazıypalardıń belgilep beriliwi bárshemizdi adamlardı turmıstan razı etiw jolındaǵı iygilikli islerge ruwxlandıradı.

Usı maqsette qıstawlı medicinalıq járdem kórsetiw sistemasın jedel rawajlandırıw, xalıq medicinası tarawın tártipke salıw, xalıqtıń sociallıq járdemge mútáj qatlamına medicinalıq-sociallıq járdem kórsetiw sapasın hám nátiyjeliligin arttırıw búgingi kúndegi eń áhmiyetli wazıypalarımızdan sanaladı.

Mine, bıyılǵı jıldıń ózinde jergilikli byudjet qarjılarınıń 26 payızı medicina tarawına ajıratılıwı, yaǵnıy ótken jılǵa salıstırǵanda 121 payızǵa kóbeygeni medicinalıq xızmettiń sapasın arttırıwǵa, taraw pidayılarınıń miynetin xoshametlewge, emlewdiń zamanagóy texnologiyaların hám usılların keńnen engiziwge bekkem tiykar jaratadı.

Jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, bıyılǵı jılı densawlıqtı saqlaw obektlerinde 55 milliard sumlıq qurılıs hám iri ońlaw jumısları alıp barılǵan bolsa, jergilikli byudjet esabınan derlik 50 milliard sumlıq qarjılar medicinalıq mákemelerdiń materiallıq-texnikalıq bazaların bekkemlew ushın qosımsha ajıratıldı.

Qalaberse, tarawdıń bir qatar pidayılarınıń mámleketlik sıylıqlarǵa miyasar dep tabılıwı, shıpakerlerimizdiń aylıq is haqılarınıń kóterilip barıwı, taraw xızmetkerleriniń materiallıq hám ruwxıy jaqtan qollap-quwatlanıwı Sizlerge degen ayrıqsha itibar hám ǵamqorlıqtıń kórinisi sanaladı.

Buǵan juwap retinde hár birińiz elimizdiń eń joqarı baylıǵı bolǵan insan salamatlıǵın qorǵawda, keselliklerdi erte anıqlawda, onıń túrlerin azaytıwda hám aldın alıwda, salamat turmıs tárizin qáliplestiriwde belsendilik kórsetesizler, dep bekkem isenemiz.

Qádirli medicina tarawı xızmetkerleri!

Sizlerdi kásiplik bayramıńız benen jáne bir márte qızǵın qutlıqlap, bársheńizge bekkem densawlıq, shańaraqlarıńızǵa amanlıq, insan salamatlıǵın qorǵawday oǵada mashaqatlı, juwapkerli hám iygilikli islerińizde tasqın tabıslar tileymiz!

Qaraqalpaqstan Respublikası

Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı

M.Erniyazov

Qaraqalpaqstan Respublikası

Ministrler Keńesiniń Baslıǵı

Q.Sariev